# Авар калам.

2 класс.

# ***Имам Шамил.***



***Выполнила учитель начальных классов МКОУ «Чиркатинская СОШ» Шихмирзаева Рахима Ибрагимовна.***






односельчане.ru




Дарсил мурад. Имам Шамилил г1умруялъулгун лъай –хъвай гьабизе, ц1алараб асаралъул маг1на жидецаго босизе(ай аслияб пикружидерго раг1абаздалъун загьир гьабизе), асаралъул герой, гьесул сипат –сурат, гьес гьабураб иш, загьир гьарурал пикраби бихьизабизе, Шамилил ишазе, г1амал-хасияталъе къимат кьезе, героясдехун ва гьес г1ахьаллъи гьабулеб лъугьа- бахъиналдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе, Шамилил сипат –сурат цебеч1езабулел раг1аби ратизе, суалазул кумекалдалъун тексталъул х1асил тартибалда бицине, Ват1аналдехун, багьадурзабаздехун рокьи бижизабизе.

Дагъистан
Ват1аналъул гъот1ол гьит1инаб г1аркьел,
Г1аммаб хъизамалъул мустах1икъав вас
Дир михъал урхъарав кьалул багьадур,
Кьибилго урхъарав чодул рек1арав.





**Шамиль гьавуна 26 июналда (7июлалда) 1797 соналъ , бусурбабазул календаралда рекъон мух1аррам моц1алъул т1оцебесеб къоялъ Генуб росулъ узденчи Денгасул Мух1амадил хъизамалда.**

**Гьесул эбел Бахумеседо йик1ана бегзабазул тухумалъул чи Пирбудагъил яс. Шамилил к1удияв инсуда ц1ар бук1ана Г1али. Т1оцебе Шамилида ц1ар Г1алиян лъун бук1ун буго. Гьит1инаб мехалъ гьев вук1ун вуго ц1акъ х1алакъав, г1емер унтулев чи. Маг1арулал божулаан, ц1ар хисани, лъимер унтиялъ теялда. Гьединлъидал Г1алида ц1ар Шамилан хисун буго. Гьебги бук1ун буго эбелалъул вацасул ц1ар.**






**Гьит1инав Шамиль дагь-дагьккун сахлъун, лъик1 лъугьун вуго. К1удияв г1ейгун, гьесул лъугьун вуго ц1акъ чорхолъ вит1арав, къуват бугев, тирияв, лебалав г1олилав.Доб заманалда лъимал ругьун гьарулел рук1ун руго г1ужда реч1ч1изе, рекеризе, к1анц1изе, гугаризе. Шамилие ц1акъ бокьулеб бук1ун буго гьединал къецазулъ г1ахьаллъи гьабизе. Хвалчад ва хонжрод вахъинеги гьесул гьунар бук1ун буго.**

**Ц1ализеги Шамиль к1удияв пагьму-гьунар бугев вас вук1ун вуго. Шамилил т1оцевесев учитель вук1ун вуго генуса Гъази – Мух1амад. Хадув гьев ц1алулев вук1ун вуго Унсоколо, гьесул учитель вук1ун вуго Казикумухалдаса Джамалудин. 20 сон балелде гьес лъазабуна грамматика, логика, риторика, г1араб мац1, философия ва лъазаруна законал.**



**Ч1иркъат1а Реццакь къварилъухъ т1обит1араб данделъиялда Генуса Шамилилги, Колоса Сурхайилги, Игьалиса Саг1итилги имамлъун тезе суал лъунила. Гьебго данделъиялда суал бач1ун бук1анила К1ванадаса Г1абдуладибир, яги Г1ашилт1аса Г1абдула, яги Данухъа Имангʼ1али имамлъун тезеги. Г1ашилт1аса г1адамазул биценалда рекъон Шамилица Г1ашилт1аса Г1абдулаги цеве тун жиндица имамлъи гьабиларин абурабила. Амма, гьезул цоясцин разилъи кьеч1ого, мажлис биххун буго.**






1834 соналъ Шамиль вищула имамлъун, амма гьес инкар гьабула имамлъиялдаса, гьелъул бугеб к1удияб жавабчилъи бихьун. Гьесда чанго нухалъ нахъеги гьарула имамлъи гьабейилан, иргадулаб гьединаб гьари ва х1укму, г1емер ургъелал ва пикру гьабун, гьес къабул гьабула ва Шамил имамлъун вахъуна. Гьелдасан байбихьана Дагъистаналъул к1удияб къиса.

***«Рукъалабаз ц1ураб гужгат рет1арав***
***Денгал Мух1амадил мискинав васас,***
***Муса-аварагас нек1о халкъ г1адин,***
***Росаби ах1ана рит1ухъаб рагъде»***



## Суалал.

1.Шамил Дагъистаналъул щив чи кколев?
2.Шамил кив гьавурав?
3.Т1оцебе Шамилида ц1ар щиб бук1араб ва щай гьеб хисараб?
4.К1удияв г1ейгун, Шамиль кинав вук1арав?
5.Ц1ализе Шамил кинав вук1арав?



***Шамилил байрахъалда хъван бук1ана.***

**«Рагъда загьир гьабуге заг1иплъи,**

**Зах1малъи т1аде ккаралъур рук1а сабураллъун;**

**Жиндир боржал щвеч1ого, хвел т1аде бач1унареб.»**

**Шамилица абулаан.**

***Хадуб бук1инелъул пикру гьабулев багьадур гуро.***

***Т1агърал г1емер руго, бихьинал дагь руго.***

***Г1елмуялъул мац1 бич1ч1уларезда, хонжрол мац1 бич1ч1унеб.***

***Аллагь тун бат1иясдаса х1инкъулев бихьинчи гуро.***

***Мун бищунго ц1одорго вук1а гьудуласул куц бугев тушманасдаса.***



*Шамилица абулаан.*

***Гьерсилги х1акъикъаталъулги г1урхъи хонжрол балалда бук1унеб.***

***Х1инкъиялъ щивниги хвасар гьавич1о.***

***Багьадурасда х1инкъи лъаларо, х1инкъучил рек1елъа гьеб х1ал киданиги т1аг1унаро.***

***Бищун къуватаб щулалъи – Ват1аналде бугеб рокьи.***

***Бах1арчилъи буго цо лах1заталъул сабру.***

***Сабруялъул т1иналде ккун батула месед.***

# Филворд. «Шамилил хъизам»



| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Къ | И | Л | Гь | У | Д | С | Х1 | Ы | Д |
| П | Ш | А | М | Н | Е | К | Я | П | А |
| И | Р | Щ | И | Хъ | Н | Г | А | А | М |
| Р | О | Ж | Л | Ю | Ф | Й | С | Т1 | А |
| Б | А | Х | У | М | Е | С | У | И | Х1 |
| У | Ж | А | М | А | Л | Е | Л | М | У |
| Д | А | Гъ | Ч | О | У | Д | И | А | Р |
| З | Ц | Г1 | А | Л | И | О | Н | Т | Ё |

**Дагъистан бечедаб буго рорхатал муг1руздалъунги, г1ат1идал авлахъаздалъунги, - дунялалда ц1ар раг1арал багьадурзабаздалъунги. Амма киназдасаго борхатаб мег1ерлъун Дагъистаналъе Ах1улгох1 буго.**









Асх1абзаби гъурараб,
Бадру Ух1удалдацин,
Ах1улгох1да г1адинаб,
Х1алуцараб рагъ ккеч1о.
Гьаниб шугьадаазда,
Бихьараб гулил къиса,
Къаралабалъ гурони,
Цоги кибго бихьич1о.





**Ах1улгох1 – гьеб лъугьана маг1арулазул бихьинчилъи, бах1арчилъи борцунеб бак1лъун. Ах1улгох1- гьеб лъугьана диналде, имамасде бугеб божилъи, Ват1аналде бугеб рокьи борцунеб борхалъилъун. Ах1улгох1 – гьеб лъугьана бер къапич1ого кодоб хвалчен, ханжарги босун г1арадабазде, тунк1азде т1аде унеб, цо чияс анц1гоясе жаваб кьолеб ва къалда бергьунеб майданлъун.**



# Сценка.









# Шамил имамасул васият.

Дир маг1арулал! Рокье нужее г1иц1ал къураби! Мукъсанаб бук1а абе гьездасан щолеб ниг1мат.

Амма гьел къураби гьеч1ого, гьеч1еб эркенлъи мискинал маг1арулазе. Къеркье гьезие г1оло!



# Рокъобе х1алт1и.

**Гьум. 120-123 Шамил имамасул васият рек1ехъе лъазабизе. «Шамилил Г1олохъанлъи» абураб хабаралъул къокъаб х1асил бицине лъазабизе.**





Гьарула цадахъ босе,
Гьарула к1очон тоге,
К1удияб бах1арчилъи,
Гьит1инаб дур халкъалъул.

(Расул Х1амзатов.)